# ENFÒMASYON KI ENPÒTAN:

## Klasman zetwal Medicare 2024

Official U.S. Government Medicare Information

AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-D-SNP) - H6378

**Pou 2024, AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-D-SNP) - H6378 te resevwa klasman zetwal sa yo nan men Medicare:**

Klasman zetwal jeneral la: Plan an fèk parèt, li twò bonè pou mezire l
**Klasman sèvis sante yo:** Plan an fèk parèt, li twò bonè pou mezire l
**Klasman sèvis medikaman yo:** Plan an fèk parèt, li twò bonè pou mezire l

**Gen kèk plan ki pa gen ase done pou yo evalye pèfòmans yo.*

Chak ane, Medicare evalye plan yo apati yon sistèm klasman ki gen 5 zetwal.

### Rezon ki fè klasman zetwal yo enpòtan

Medicare klase plan yo selon sèvis sante ak sèvis medikaman yo bay yo.

Klasman sa a se yon mwayen ki fasil pou konpare diferan plan selon kalite ak pèfòmans yo.

Klasman zetwal yo depann de plizyè faktè, tankou:

- Sa manm yo di konsènan sèvis ak swen yo jwenn atravè plan an
- Kantite manm ki soti oswa ki rete nan plan an
- Kantite plent Medicare te resevwa sou plan an
- Done ki soti nan doktè ak lopital ki travay avèk plan an

Pliz yon plan gen zetwal, plis se yon bon plan. Pa egzanp, sa vle di yo manm ka jwenn pi bon swen ak yon sèvis kliyan wo kalite ki rapid.

**Kantite zetwal yo montre si plan an bay bon pèfòmans.**

★★★★★ EKSELAN ANLÈ
★★★★☆ MWAYÈN NAN
★★★☆☆ MWAYÈN
★★☆☆☆ ANBA MWAYÈN
★☆☆☆☆ PA BON

---

### Jwenn plis enfòmasyon sou klasman zetwal yo sou Entènèt

Konpare klasman zetwal plan sa a avèk lòt plan sou sitwèb medicare.gov/plan-compare.

### Ou gen kesyon sou plan sa a?

Kontakte AmeriHealth Caritas VIP Care (HMO-D-SNP), 7 sou 7, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, nan lè Lès, nan 800- 858-1487 (nimewo gratis) oswa 711 (TTY), ant dat 1ye oktòb ak 31 mas. Orè nou ant dat 1ye avril ak 30 septanm se lendi pou vandredi, soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, nan lè Lès. Si w deja yon manm, tanpri rele nan 833-535-3767 (nimewo gratis) oswa nan 711 (TTY).